

Urwego rw'Ishure rw'Uguhanura Ibiményēshejwe abavyēyi n'ábarezi

Amashure yōse ya Reta i NSW atanga ubufashá ndóranyīfato biciye mu rwego rw'ishure rw'uguhanura.

Urwego rw'ishure rw'uguhanura rugizwe n'abahanuzi b'ishure n'abahinga b'ishure mu nyifato, ubufashá mu mwihwezo n'úbutabāzi ndóranyīfato ku banyeshure bakimenyerezwa kugeza ku bafise imyaka 12. Bafashanya n'imiryāngo, abakózi b'amashūre, hamwe n'abandi bahinga mu gushigikira ukwiga, amagará yó mu mutwé n'ukugubwa neza kw'abanyeshure, no kurema ibibanza vyo kwigiramwo bitekanye, bikingiwe, bishigikirana.

Abahanuzi b'amashure bose bafise indangabumenyi kaminuza zo ku rwego rwo hejuru kandi bakoresha ubuhinga karuhariwe bwabo ku magará yo mu mutwé, ukwiga n'inyifato kubwo gufasha urwaruka kumenya mu vyigwa, mu mibāno, mu nyifato nó mu bigūmbagūmba.

Umuhanuzi canke umuhinga mu nyifato w'ishure ashobora:

- guhá impanuro abanyeshure
- gusuzuma ukwiga kw'abanyeshure n'ivyo bakeneye mu bijanye n'amagara yo mu mutwé
- gukorana mu bumwe n'abigisha hamwe n'abakozi b'abahinga
- gufasha imiryango gutahura n'úkubūngabūnga abāna bābo mu bijane n'ukwiga n'ivyo bakeneye mu magará yabo yó mu mutwé
- kubahuzi n'amashirahámwe yo hanze n'abahinga mu magará yo mu mutwé ngo batange ugushigikirwa gutunganijwe, kugenewe abāna babukenéye umwe wese ukwīwé.

Mu gukorana n'abanyeshure, abavyēyi canke abarezi, hamwe n'abigisha, abakózi b'ishure bajejwe guhanūra bazosobanura ukó bakorá, bumvirize mu bwitōnzi ibivúgwa, bafashé gutōmōra amahitamwo banatere umwete wo gufata ingingo zītōndewe.

Ugukorana ibanga

Abakózi b'ishure bajējwé guhanūra baha ubufashá abayeshure mu nyīfato ku gushaka kandi mw'ibanga. Amakuru y'ibanga ntazovugwa umunyēshūre atabitangiye uruhusha, rw'umuvyeyi canke umurezi kiretse bisabwe n'amategeko canke ku mvo zogukinga impanuka zobangamira umutekano n'amagara.

Abo Kwitura

Ibishimikirwakó ku vyerekeye ugushigikirwa gutangwa n'ishure bitomorwa kubwo ugufashanya n'imigwi yitaho ivyigwa kw'ishure n'iyijewe ineza. Abavyēyi canke abarezi bitayeho indero y'abana babo amagará meza yo mu mutwé n'ukumererwa neza kwabo bosaba umubonano mu kuvugana n'ishure. Abanyeshure na bo bokwizana cake bagafashwa n'abavyeyi canke abigisha mu gusaba umubónano.

Ubufasha mu Nsobanuro

Asangwa ukeneye ayadi makuru, igore uhamagare ishure. Ukéneye umusóbānuzi ngo agufashe mu vyo usaba, hamagara Abasobanuzi ku numero 131 450 usabé umusobanuzi w'ururimi usanzwe uvúga.

Bwira umuhinga inomero ugomba guhamagara maze uwo muhinga azokuronkera umusobanuzi ku bihinga bwa none agufashe mu kiyango. Ntuzorishishwa kubwó ivyo.